



Pou Piblikasyon Imedya: 12/07/2020

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

GOUVÈNÈ CUOMO BAY NOUYÒKÈ YO MIZAJOU SOU PWOGRÈ ETA A PANDAN PANDEMI COVID-19 LA

Chif New York yo rete ba ak estab avèk 1.08% nan tè s COVID-19 yè yo te pozitif

Ka lanmò akòz COVID-19 yo te koresponn ak chif ba avan yo avèk 5 ka yo te rapòte nan Eta New York yè

Eta New York ap siveye depre ogmantasyon nan ka COVID-19 yo nan Konte Rensselaer

Konfime 677 ka kowonaviris adisyonèl nan Eta New York - sa ki fè kantite total nan tout Eta a rive 401,706; gen nouvo ka nan 40 Konte

Jodi a Gouvènè Andrew M. Cuomo te bay Nouyòkè yo mizajou sou pwogrè Eta a pandan pandemi COVID-19 ki ankou a. Kantite nouvo ka yo, pousantaj tè s ki te pozitif ak anpil lòt pwen enfòmasyon itil yo toujou disponib sou paj forward.ny.gov.

"Eta New York kontinye ap pwogrese nan konbat COVID-19 avèk re-ouvèti pa faz, ki baze sou done li a fas ak ogmantasyon ka ki enkyetan yo atravè peyi a ak to lanmò yo nan tout nasyon an", **Gouvènè Cuomo te deklare.** "Sa ki ap pase lòt kote yo nan Etazini an trè preyokipan pou nou isit la lakay, epi kapasite nou pou evite menm fatalite a repoze sou volonte Nouyòkè pou pote mask, pratike distans sosyal ak lave men yo, ak volonte gouvènman lokal yo pou aplike enstriksyon Eta a. Chif jodi a rete ba ak estab, men se devwa nou pou nou kenbe li konsa. Dèske nou se New York solid (New York Tough) pa fasil, men Nouyòkè yo te montre nasyon an ke nou kapab efektifman konbat viris la lè nou tout mete tèt nou ansanm, epi mwen ankouraje yo pou yo pa abandone lit la kounye a."

Eta New York ap siveye depre yon ogmantasyon nan ka COVID-19 nan Konte Rensselaer, kote yo ap ankete sou yon kantite nan yo kòm kwa yo gen relasyon ak plizyè moun ki te teste pozitif pou COVID-19 apre yo te vwayaje retounen New York soti Georgia. Yo an izòlman epi Depatman Sante (Department of Health) Eta New York la ak Depatman Sante Konte Rensselaer a ap reyalize trasaj kontak yo.

Enfòmasyon jodi a yo rezime an brèf anba la a:

- **Kantite Pasyan Ki Ospitalize - 801 (+2)**
- **Pasyan ki Fèk Entène nan Lopital - 75 (+0)**
- **Lopital Konte yo - 28**
- **Kantite ICU - 174 (-3)**
- **Kantite ICU nan entibasyon - 102 (+2)**
- **Kantite Moun Total Yo Voye Lakay yo - 71,565 (+88)**
- **Kantite Lanmò - 5**
- **Kantite Lanmò Total - 24,979**

Sou 62,418 tès yo te reyalize nan Eta New York yè, 677, oswa 1,08 pousan, te pozitif. Pousantaj tès pozitif chak rejyon yo pandan twa dènye jou yo se jan nou pral site la a:

REJYON	JEDI	VANDREDI	SAMDI
Capital Region	0.7%	1.2%	2.0%
Central New York	1.9%	1.7%	1.1%
Finger Lakes	1.7%	1.0%	0.8%
Long Island	1.0%	1.0%	0.9%
Mid-Hudson	0.9%	0.8%	0.9%
Mohawk Valley	1.2%	0.9%	0.8%
New York City	1.1%	1.0%	1.3%
North Country	0.1%	0.3%	0.4%
Southern Tier	1.3%	1.5%	0.6%
Western New York	1.0%	1.9%	1.0%

Gouvènè a te konfime tou 677 nouvo lòt ka kowonaviris adisyonèl, sa ki bay yon total 401,706 ka ki konfime nan Eta New York. Nan total 401,706 moun ki te teste pozitif pou viris la, repatisyon jewografik yo se jan nou pral site la a:

Konte	Total Pozitif	Nouvo Pozitif
Albany	2,219	11
Allegany	66	0
Broome	820	13
Cattaraugus	138	0
Cayuga	126	0
Chautauqua	170	0
Chemung	148	0
Chenango	166	0
Clinton	109	1
Columbia	486	1
Cortland	58	0
Delaware	92	1
Dutchess	4,276	7
Erie	7,742	31

Essex	51	0
Franklin	36	1
Fulton	265	0
Genesee	250	3
Greene	266	1
Hamilton	6	0
Herkimer	192	4
Jefferson	97	2
Lewis	31	0
Livingston	147	2
Madison	374	0
Monroe	4,177	24
Montgomery	132	2
Nassau	42,307	40
Niagara	1,340	6
NYC	219,051	341
Oneida	1,823	5
Onondaga	3,124	24
Ontario	300	4
Orange	10,835	5
Orleans	287	0
Oswego	220	1
Otsego	89	1
Putnam	1,361	0
Rensselaer	616	23
Rockland	13,716	16
Saratoga	602	7
Schenectady	864	8
Schoharie	62	0
Schuyler	15	0
Seneca	74	0
St. Lawrence	230	0
Steuben	274	0
Suffolk	42,028	41
Sullivan	1,465	1
Tioga	161	1
Tompkins	186	3
Ulster	1,859	4
Warren	277	3
Washington	249	0
Wayne	205	2

Westchester	35,297	37
Wyoming	101	0
Yates	48	0

###

Lòt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)